# Вакцинаци

ХIокху таблицехь йоцца йовзуьйтуш ю шайн хьокъехь вакцинацин лардан схемин гурашкахь вакцинаци яр магош йолу цамгарш. И цамгарш юхахьайовлар берана вакцинаци йинчохь хаалучу юхахьадовларшца дустуш а, вакцинаци йича хила тарлучу коьрта боцчу тIеIаткъамашца меттахIоттош а ду. Молханаша а, вакцинаша а бинчу коьрта боцчу тIеIаткъамех лаьцна fagg.be адресца МогашаллаIалашъяран сурсаташкахула а, молханан гIирсашкахула а йолчу федеральни агентстве, лазархочо санна, хаам бан йиш ю хьан.

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тIеIаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Дифтереш (круп)<br>* Садукъадаларна кхерам хиларца йоьзна хала ларингит.<br>* Нерваш талхош йолу (меттахцахьадалар (паралич) а, деган оьзгашна хьу кхетийта (миокардит) а, адам далийта а йиш йолу а дIаьвше хIумалла йоккху бактереша. | Деган оьзгашна хьу кхетар (Миокардит): 5/10<br>Меттахцахьадалар (Паралич):<br>4-10 / 100<br>Далар:<br>20 % (5 шаре кхаччалц хан йолуш)<br>5-10 % (5 шарера 40 шаре кхаччалц хан йолуш) | -<br><br><br>- | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цIийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш дIадолу. |
| Лаьттан ун (Столбняк)<br>* Лаьтта юкъахь а, ararчу нехаш юкъахь а хуьлучу бактереша хуьлуьйту.<br>• Оьзгийн пхенаш ийзадойту.<br>ЧIогIа вочу агIор дерза тарло, ткъа и хилча, садеIар | Далар:<br>10-80% | - | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цIийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш |

| | | | |
|---|---|---|---|
| соцучу кепара энаша а лоцур ду адам, лийр а ду. | | | дӀадолу. |

Вакцинаци

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тӀеӀаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Пхенаш ийзоран йовхарш (Коклюш)<br>* ДӀаьвше хӀумаллаш йохучу бактерешца садеӀарна цамгаръялар.<br>* СадеӀар цатоар бахьанехь коьртан хье талхочу хьоле даккха тарлун, гӀора дойучу кепара, йовхарш тӀеяхкар. | 12 бутт кхачаза долу бераш: дижинчу хенахь ханна садеӀар сацар: 60 %<br>пневмони: 10 %<br>пхенаш озор: 1-3%<br>коьртан хье талхор: 1-3 %<br>дерзацалун талхор: 5 %<br>Даларан коэффициент: 1% | -<br>-<br>-<br>-<br>- | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цӀийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш дӀадолу. |
| Полиомиелит (берийн меттахцахьадалар)<br>* Цамгар яьллачу 100/200-нах 1-на хуьлу меттахцахьадалар.<br>* Масех мохк боцучохь, дукхахйолчу меттигашкахь вакцинаци йинчул тӀаьхьа дӀадаьккхина. | 0,1-1 % меттахцахьадалар<br>Далар: Меттахцахьалучарна юкъахь 10-30 %. | - | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цӀийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш дӀадолу. |

Вакцинаци

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тІеІаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Гепатит Б<br>• ЧІогІа я цайоьрзу гепатит (доІахна хьу кхетар).<br>• Цайоьрзу инфекци кхиаран кхерам: <12 бутт: 15-95%,<br>1-5 шш. долу тоба: 20-50%,<br>5 шарал баккхийнаш: 5-10%. | Цайоьрзу инфекци йолчу 4-на юкъахь 1-на доІахан цирроз я доІахан рак хуьлу. | - | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цІийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш дІадолу. |
| В тайпанан гемофилан инфекци<br>* Бактерийн менингит, юкъара сепсис (цІий талхар) хуьлуьйту. Къаьсттина кхерам бу 4 шо кхачаза долчу берашна. | Нервийн система талхор: 15% -30%<br>Къоралла: 15%<br>Далар: 5% | -<br>- | Цхьаьнатоьхна вакцина 1-на чохь 6<br>• 10% меттигера дестар, цІийдалар, лазар я хорша.<br>• ревакцинаци йинчохь наггахь когаш-куьйгаш деста тарло. Иза масех де даьлча кхачам боллуш дІадолу. |

Вакцинаци

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тIеIаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Пневмококкийн инфекци<br>• Пневмококк иза бес-бесарчу тайпанийн бактери ю.<br>• Бактерийн менингитан а, юккъерчу лергана хьу кхетаран а коьрта бахьана ду иза. | Юкъара сепсис, менингит, пневмони.<br>Далар: менингит йолчохь 30% | | Пайдаоьцуш йолчу пневмококкийн вакцинас пневмококкийн массо тайпанах ца лардо, амма хала цамгарш хуьлуьйтучарах а, чIогIа яьржинчарах а лардо.<br>* 1/5 меттигера дестар, цIийдалар, лазар я хорша.<br>* Коьрта боцу хала тIеIаткъамаш наггахь бен ца хуьлу. |
| Ротавирусан энтерит<br>• Дукха хьолахь кегийчу берашна а, школазхошна а чуьйна, Iеттор, дагар хуьлуьйтуш йолу инфекци.<br>• Наггахь дегIацара хидIадалар бахьанехь госпитализаци оьшуш нисло. | ХидIадалар<br>Далар: малхбузерчу мехкашкахь чIогIа лахара | | * 3% чуьйна, Iеттор |

Вакцинаци

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тIеIаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Хьара (изза немцойн хьартанаш (корь) я кхаадийнан хьартанаш)<br>• Берашна хала ца хуьлу, амма, доьзалхочух йолчунна инфекци хилахь, хеназа бер хиларна (остадаларна) а, дешшехь бер сакхте хиларна а кхерам бу. | Тромбоцитийн лахара барам: 1/3000<br>Энцефалит: 1/6000<br>пхораллин хьалхарчу кхаа баттахь инфекци хиллачу берех 9/10 дешшехь сакхте хуьлу (къоралла, бIарзалла, деган айпаш) | -<br><br>- | Хьартанашна-паротитна-хьарана дуьхьал йолу цхьаьнатоьхна вакцина (MMR)<br>• 1/10: дегI дика цахилар а, хорша а, кхартанаш хила а тарлуш.<br>• 1/100-е кхаччалц: туйнийн железашна хьу кхетар.<br>• 5/100: железийн дестар<br>• 1/20000-30000: тромбоцитийн лахара барам<br>• 0-3 / 100 берийн хоттарашна тIеIаткъам |
| Кхартанаш<br>*ЧIогIа тIейолу цамгар, лакхара дагар а долуш, чкъура тIехь цIен хьоькхнаш а йолуш.<br>* 5-нах 1-на (20 %) юхахьадовларш хуьлу. | Пневмони: 3,87,3%<br>Пхенаш озор: 0,3-0,5%<br>Энцефалит: 0,5-1%<br>Кхуьуш йолу цайоьрзу энцефалит: 0,5-2 / 100000<br>далар:<br>1-2,5 / 10000 | 0.02-190/100000<br>1/1млн.<br><br>1/1 млн | Хьартанашна-паротитна-хьарана дуьхьал йолу цхьаьнатоьхна вакцина (MMR)<br>• 1/10: дегI дика цахилар а, хорша а, кхартанаш хила а тарлуш.<br>• 1/100-е кхаччалц: туйнийн железашна хьу кхетар.<br>• 5/100: железийн дестар<br>• 1/20000-30000: тромбоцитийн лахара барам<br>• 0-3 / 100 берийн |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | хоттарашна<br>тӀеӀаткъам |

Вакцинаци

| Цамгар | Хала юхахьадовларш | | Вакцинин коьрта боцу тӀеӀаткъам |
|---|---|---|---|
| | Цамгар яьллехь | Прививка йинехь | |
| Лерган хӀоаш<br>(Свинка)<br>* Шелдалар санна гучуйолу вирусан инфекци.<br>* И хилча лергаюххера туйӀийдаргаш йистина хуьлу. | Энцефалит: <1%<br>ЭрацӀарнешна (яички) хьу кхетар: 20%<br>(божаршна - боьршаллин кхиар хиллачул тӀаьхьа)<br>Даларан коэффициент: 1/10000 | 1/1 млн<br><br>- | Хьартанашна-паротитна-хьарана дуьхьал йолу цхьаьнатоьхна вакцина (MMR)<br>• 1/10: дегӀ дика цахилар а, хорша а, кхартанаш хила а тарлуш.<br>• 1/100-е кхаччалц: туйнийн железашна хьу кхетар.<br>• 5/100: железийн дестар<br>• 1/20000-30000: тромбоцитийн лахара барам<br>• 0-3 / 100 берийн хоттарашна тӀеӀаткъам |
| Менингококкийн инфекци<br>• Менингитан, энцефалитан я юкъарчу сепсисан кепехь гучуйовла тарлун бактерийн хала цамгарш. | Дерзацалун зен: 30% (къоралла, леламе хиларца проблемаш, Ӏамарца а, леларца а проблемаш)<br>Даларан коэффициент: 20% | - | Менингококкийн C-вакцина<br>• 1/10: меттигера дестар, цӀийдалар, лазар я хорша. ЯахӀума яа догдар лахдалар. |